Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 24 май Рузман №25 (7839) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## Байрамалде хIадурлъи унеб буго

Исана 95 сон тIубала нилъер район гIуцIаралдаса, гьединго 25 сон тIубала августалъулал лъугьа-бахъиназ. Гьеб кIиябго байрам рохалида кIодо гьабизе буго 10 августалда Агъвали. Гьединаб



хIукму гьабуна муниципалияб районалъул бетIерас 31 январалда. Байрам тIобитIиялъе гIуцIун буго гIуцIияалъулаб комитет, тасдикъ гьабун буго гьаризесел тадбиразул план. ГIуцIиялъул комитеталъе нухмалъи гьабизе тIадкъан буго живго районалъул бетIерасда.

Байрам тIобитIиялъе гьабулеб хIадурлъиялъул хал гьабуна 20 маялда тIобитIараб гIуцIиялъул комитеталъул иргадулаб данделъиялда.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас мухIкан гьабуна байрам тIобитIиялъул тадбиразул план, тIадеги лъазабуна гьабулеб ишалъулъ щивасул букIине ккелилан цIикIкIараб жавабчилъийилан.

Байрамалде щвелалдего тIадеги гьаризе ккола тадбиразул бицун кIалъаял гьаруна ГIабдусалам МухIамадовас, Зайнаб ГIабдусаламовалъ, ТIалхIат ГIабдулбасировас ва ХIалимат АхIмадовалъ.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

Къокъго

## Унеб буго ихдалил призыв

Гьеб халат бахъине буго 15 июлалде щвезегIан. Кидаго гIадин, заманалъ хъулухъ гьабизе армиялде ахIула лъагIалида жаниб кIиго нухалъ. Гьеб бараб гьечIо хасаб рагъулаб операциялда.

Срочникал гIахьаллъизе гьечIо КТОязда ва рагъулал ишазда. ЦIияб законалда рекъон армиялде ахIулезул гIумру цIикIкIинабуна 30 сониде щвезегIан.

2024 соналъул 1 январалда 27 ва тIадеги сон барал гIолохъаби армиялде ахIизе гьечIо.

2023 соналъул хаслихъалъиялъул призывалда районалдаса рагъулаб хъулухъ гьабизе армиялде витIана 35 чи, 2024 соналъул ихдалил призывалда витIизе ккола 40 чи.

## МахIачхъалаялъул «Динамо» борхалъуде бахана

МахIачхъалаялъул «Динамо» футболалъул команда жиндир тарихалда жаниб тIоцебесеб нухалъ хIазе буго Россиялъул премьер-лигаялда.

«Динамо» МахIачхъалаялъе премьер-лигаялде борчIи ккола тарихияб лъугьа-бахъин, щайгурелъул жиб гIуцIаралдаса нахъе гьеб киданиги бахун букIинчIо гьединаб борхалъиялде.

МахIачхъала «Динамо» футболалъул команда гIуцIана 1927 соналъ. 2007 соналъ гьеб биххизе тана, цIидасан гIуцIана 2021 соналъул июналда «МахIачхъала» клубалъул къучIалда.

ГIадамал ва ишал

## ГьитIинаб росдал кIудияб рохел

**ТIоцебе Бичасе щукруги гьабун,**
**Бокьун буго дие баркала кьезе**
**Агъвалиса ГъачIилъе нух бахъиялъулъ**
**ГIахьаллъи гьабурал росуцоязе.**

**Цебе умумуца газа-бел босун**
**Бахъизе кIвечIого нухда хутIараб**
**Умумузул мурад тIубазе щвана**
**Нужер киназулго кумекалдалъун.**

**Аллагьас щивасул гьенибе къураб**
**Шагьи азариде бахине гьабун**
**Шагьра нухлъун ккаги доб сиратIалда**
**ЖужахIалда цебе сангарлъун чIаги.**

*Разият АхIмадова*

Дагьаб цебе ГъачIилъ росдал жамагIаталъ тIобитIана росулъе цIияб шагьранух щвеялъул рохалилаб данделъи. Жеги советияб заманалдаго, ай 1960 соназ хIисабалде



босун букIана гьеб нух бахъизе, амма батIи-батIияв гIиллабазда бан гьеб хIалтIи халат бахъана. Исана росдал гIолилаз жигар бахъана «Аселъихи» абураб бакIалде жидерго ахазукье шагьранух бахъизе. Цинги росдал жамгIиял хIаракатчагIазул пикруялда рекъон росдал имам Давуд ХIамидовас социалияб гьиназда лъазабуна росулъе щвезегIан нух бахъизе кумек хIажат бугилан. Гьесие квербакъана Завжанат МухIамадовалъ, ва къокъабго заманалда жаниб бакIарана нух бахъизе гIарац.

НахътIамун течIого хIалтIи байбихьана ва май моцIалъул авалалде шагьранух росулъе щвана. Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъизе рачIана Агъвали, Гъизляралда, МахIачхъалаялда гIумру гьабулел росуцоялги. Данделъи рагьулаго росдал жамгIияв хIаракатчи ХIасан ЖабрагIиловас бицана гьеб нух бахъизе умумузул букIараб анищалъул, жакъасеб къоялъ гьелдаса рохарал росуцоязул, гьелъ росулъе туристал рачIине рагьулел ресазул, халкъалъул яшав-магIишат гьабизе щварал бигьалъабазул. Росдал жамагIаталъул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна нухалъе гIарац кьуразе, гьеб бахъизе техника кьун квербакъарав МухIамадзагьид Давудовасе, тракторист Шамилие, Агъвали росдал администрациялъул бетIер Загьид Загьидовасе. Гьединалго къокъал кIалъаял гьаруна росдал харабаз, бицана сухъмахъ нухккун гIемераб соназ жидеда бихьараб гIакъубаялъул баркала загьир гьабуна гIолилазе, гьарана гьезие ва гIун бачIунеб гIелалъе ракълилаб ва талихIаб гIумру. Ниж гIадин Аллагьги разилъаги нужедасаян дугIа-гьари гьабун, берцинаб тепсиялда мажгиталъул богорокъор гIодорги чIун росу цебетIеялъе ва гIолилазул яшав лъикIлъиялъе жеги гьаризе ккелел хIалтIабазул накъиталда ахир лъуна рохалилаб данделъиялъе. Аллагьас баракат бугеб батаги цIияб шагьранух ва тIураги халкъалъул мурадал.

**Зульфия АхIмадова**

**ЦIумада район гIуцIаралдаса- 95 сон**

# Советияб власталъул къеркьохъаби

Советияб власталъул лъикIав къеркьохъанлъун вукIун вуго Гьимерсо росдал мискинаб хъизамалда гьоркьов гьавурав Валиев Асадулагь. ГьитIинго вукIун гьес босун буго къебедасул махщел. 17-18 сон бараб мехалда къебельияльул лъикIаб махщелги щун Асадула батIи-батIияб росабалъ жиндиего мухьдахъ къебельи гьабизе унев вукIун вуго. Гьесул махщел букIун буго пандур хьван кечI ахIизеги. Гьедин, киве щваниги Асадулагь киназего къваригIарав чилъун вукIун вуго, ва гьесул гьудул-гьалмагъалъиги цIикIкIараб букIун буго. Гьединан киса-кивего ун, Асадула щола Гумбет районалъул Игьали росулъе. Гьениб гьесул лъай-хъвай ккун буго машгьурав кочIохъан ГIарашил ГIумаргун. Гьесул рокъоб ккола Асадулагьил ХъахIаб росулъа МахIмудилгун кидаго кIочонареб тIоцебесеб дандчIвай, гьел хадурккун лъикIал гьалмагъзабилъун лъугьула, цояв-цоясухъе гIемер щолел рукIун руго тIаде-гьоркье.

МахIмудидасан лъан вуго Асадулагьида МахIач Дахадаевги, гьесул кIалдиса бачIун буго тIоцебе Ленинил цIарги. МахIмудил гIемерал кучIдул рукIун руго революциялда хурхарал, гIадамал пачаясда данде рахъиялда хурхун гьарурал, революциялда хурхун гIемер хабар бицунаан МахIмудица Асадулагьие. КватIичIого МахIмуд нахъасан таманчаги речIчIун Магьдил МухIамад абулев чияс чIван вуго. МахIмуд чIван кутакалда захIмалъарав Асадулагь тIадвуссун Гьимерсо росулъе вачIуна. Гьесда гьениб росу кIийиде бикьун батула. Гьеб мехалда тIаде вачIарав Асадулагьица гьимсадерида бичIизабула Россиялда, Дагъистанална кколел рагъазул, халкъалъ эркенлъи тIалаб гьабиялъул ва цогидалъулги.

1919 соналъ Асадулагьил лъай-хъвай ккола ГIахьвахъав СалихIов Шамхалилгун ва гьеб соналъ партизаназул отрядалдеги лъугьун вуго гьев.

1920 соналъ Асадулагь ккола Эхунов ХIажимухIамадица нухмалъи гьабулеб отрядалде, кьвараралрагъалги гьарулаго гьев щола цIунтIадерил Кидеро росулъе. Гьениве щведал революциялда данде чIарал Жабал МухIамадилгун ва гьесул васасулгун кутакалда захIматал рагъал ккола гьенир кIиябго рахъалъан. Гьенир рагъулаго Асадулагь ккола Кундуховас нухмалъи гьабулеб отрядалде. Гьедин рагъулаго гьел щун руго Богос мугIрузул тIогьире ва гьениб кIиго къоялъ бан буго гIазу, багъарун буго квешго гьури, сверухъан бандаз жанире ккезарулел рихьидал, Кундуховас нахъе къазе буюрухъ кьун буго. Гьединаб ахIвал-хIалалда рагъулаго гьел щола нахъе къазарун Шаури кьоде ва гьенир жанире сверизарула.

Гьениса рорчIиялъе гьабураб рагъулъ кIудияб бахIарчилъи бихьизабула Асадулагьица. ЗахIматго лъукъун вугониги гьес лъикIаб кьаби щвезабун буго тушбабазде. Гьенисан рагъулаго гьал кватIире рорчIула.

Асадулагь Валиев гIахьаллъун вуго Гьидерил кьода ккараб рагъда, 1920-1921 соназ хасало Зоноб кIалахъ, КIвандерил мугIрузда ккарал рагъулъ.

1923 аб. соналде щвезегIан Асадулагьица хъулухъ гьабун буго багIарал партизаназул мухьилъ. Гьес бахIарчияб гIахьаллъи гьабун буго гIемерал цIоб гьечIел рагъазулъ, хIинкьи ва нахъекъай лъачIого тIуразарун руго командованиялъул буюрухъал. Къебед хIисабалда гьес чуязе тIикъва-магIал гьарулел рукIун руго, гьелъ гьев цIакъ хирияв вукIун вуго Муслим Атаевасе, Муса Кундуховасе ва Шамхал СалихIовасе.

1941-1945 абилел соназ КIудияб ВатIанияб рагъде ине бокьун букIун буго Асадулагьие, соназ кIудияв вукIиналъ вачун гьечIо. Гьел соназ гьев хIалтIун вуго росдал советалъул председательлъун, ва гьениве хIалтIун вуго пенсиялде инегIан.

* * *

Советияб властаалъе гIоло рухIалда барахщичIого къеркьей гьабурав чи ккола 1896 соналъ Болъихъ районалъул ГIалахъ росулъ мискинаб хъизамалда гьоркьов гьавурав ХIусейнов КъурамухIамад.

ГьитIинго вукIун гьев ккана мухьдахъ хIалтIизе росу тун кьватIиве ине. 1917 аб. соналъ гьев хIалтIун вуго Москва шагьаралда «Богатырь» фабрикаялда слесарьлъун. Гьеб фабрикаялда гьев лъугьун вуго революционеразул отрядалда гьоркьове. Гьеб отрядалъ бальго кIудияб хIалтIи гьабулеб букIун буго Советияб власть гIуцIиялъе гIоло пачаясде данде балагьизабураб. КъурамухIамадица къаси бальго Москва шагьаралъул кьватIазда седолаан революциялъулал прокламациябазул листовкаби, гIахьаллъи гьабулаан гьенир тIоритIулел демонстрациябазда.

1917 аб. соналъ революция бахъулаго гьев вахъула пачаясул армиялде данде. 1918 аб. соналъ гIуцIараб БагIараб Армиялъул мухьилъе лъугьуна КъурамухIамадги. Гьебго соналъ КъурамухIамад вачула Богадорский районалъул комиссариаталда, гьениб гьес тIуразарула бальгоял тIадкьаял, гьебго соналъ гьев восула партиялъул мухьилъеги.

1918 аб. соналъул ахиралда КъурамухIамад витIула Саратовалъул Волгаялда букIараб эвакуационнияб комиссиялъул охранаялъул начальниклъун. Гьениса витIула Саратовалъул агитаторазул лъабго моцIрол курсазде цIализе. Курсал лъугIаравго хIалтIуда тIамула 10 аб. БагIараб Армиялъул штабалда цебе Камышев шагьаралда цебе бугеб разведкаялъул отрядалъул хIалтIухъанлъун.

КъурамухIамадил бажариги, махщелги, гьунарги бихьун кватIичIого гьев витIула Лак районалъул Кайданов МухIамад абулев чигун Ираналъул Россиялда чIарав чи хIисабалда бальго цIех-рехалъул хIалтIи гьабизе Царыциналъул фронталда Деникинил аскаралда кодоб бугеб тылалде. Гьес гьенисан ритIулаан Деникинил армиялъул киналго рагъулал баянал нильеразухъ. Ахириял гьес ракIарарал рагъулал баянал рукIун руго нильер фронталъул штабалъе цIакъ къваригIарал, амма гьел ритIизе гьесие кинго данде ккун гьечIо, бигьаго букIун гьечIо тушманасул щулалъиялдаса кьватIивехун чи ворчIизе. Кинал захIмалъаби ругониги, гьев нахъе къачIого, бахIарчияб къагIидаялъ фронтги бахун вачIула нильер армиялъул штабалде бальгоял рагъулал баяналги росун. Гьоркьоса къотIичIого унел Царыциналъул рагъазда жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIун буго КъурамухIамадица. Царыциналда рагъ лъугIарабго гьев витIула бальгояб тIадкьайгун Тифлисалде. Гьенибги гьес ракIбацIцIадго тIубазабун буго жинда тIад кьараб хIалтIи. Гьеб заман букIула Дагъистаналда контрреволюциялъул гьачагъазде данде вахIшияб рагъал гьарулеб заман. ГIанди округалъул революционнияб комитеталъул гьариялда рекъон КъурамухIамад витIула Болъихъе. Муслим Атаевасги, Пирбудагъ Гьаниевасги нухмалъи гьабулел партизаналгун цадахъ гьев вагъула ХIоцоса Нажмудинил ва цогидалги революциялде данде чIаразул отрядалгун.

1923 аб. соналдаса 1942 аб. соналде щвезегIан гьев хIалтIун вуго ЦIумада районалъул партиялъулгун советиял органазул жавабиял хъулухъазда. 1942 аб. соналъ гьев ун вуго КIудияб ВатIанияб рагъде. Рагъул батIи-батIиял фронтазда, киве хIалтIизе кканиги, КъурамухIамадица бихьизабун буго жигараб ва бахIарчияб хIалтIи.

Рагъда росарал бергьенлъабазе гIоло КъурамухIамадие щун руго пачалихъалъул гIемерал орденалгун медалал.

КъурамухIамад хвана 1963 соналъ. Гьев хваниги гьес нахъа тараб бахIарчияб нух букIине буго жакъасеб ва хадуб гIолеб гIелалъе мисаллъун.

**МухIамад Шамсудинов**

# Гьалмагъасул хIакъалъулъ рагIи

Чи чIагого вецце, чIагого каке,
ЧIахI тIад бижун хадуб гьеб рагIуларин,
РагIи бадиб абе, берал рукIадго.
Берал къанщун хадуб, гьелъул пайда щиб-!

Чи хведал рукьбузе кьечIого рокьи,
Ракьалда вукIадго, инсанасе кье,
Индал хьвагIичIого гьудуласде квер.
Хьолбохъго вукIадго кумекалъе кье…

*М. Гунашев*

ГьечIищха ракI соролел, черхалда сири балел ритIухъал, гIужилал рагIаби. Буго гьезулъ бадибчIваялъул асарги, кьокьго абунигьеб буго шагIирасул вагIза.

Цо-цо чагIи, кверкьовуде, берталъ кинигин гIедегIула. Чи унтун рокъов бусада, яги больницаялда вукIадго, нилъеда заман батуларо гьезухъе раккизе.

Дагъал соназ цеве Агъвали дандчIварав чияс дида гьикъабакъана сахлъи-саламалъул, хъизан-рукъалъул. Дица гьесие баян кьуна больницаялда регун ругел гьудул-гьалмагъзабазухъе ине вачIун вукIанин абун. Гьес абуна жакъа дуе лъабнусазарго малаикас дугIа гьабулеб бугин, гьеб кколин кири цIикIкIараб зияратилан. ГIорхьи букIинчIо ракIалдаго гьечIого вачIарав дир гьезие рохалил, жал сахлъанин рохана гьел, релъана ва дие баркала кьуна.

Дунялалъул боцIуда хадур хапелел рукIун нилъеда заман батулеб гьечIо гьудул-гьалмагъазухъе, гIагарал-божаразухъе раккизе, гьезие хинал рагIаби, ракI-макI гьабун сагълъи гьаризе.

Дагьаб цеве иргадулаб сапаралъ абадияб рокьове регIана МухIамадов ГIабдула. Гьев вукIана гьудул-гьалмагъзабазе бахъун ракI кьезецин хIадурав, лъайги, жигарги, сахлъиги гIун бачIунеб гIелалъе кьурав сахав инсан.

Гьесул хIакъалъулъ мухIканго хьвана «ЦIумадисезул гьаракьалъ». Дун битIахъе, хIикмалъизавуна тагIзияталде рачIунел гIадамазул кьадаралъ, батIи-батIиял росабалъа, рикIкIадаса. Мунагьал чураясул рукIана гIемерал планал, хьвалаго хутIана росдал хIакъалъулъ тарихияб тIехь. Дида вагьулаан гьев дир кучIдузул тIехь кьватIибе биччазе цебего заман щванин, гIадлу гьечIин дирин абун.

Нилъеца кьимат гьабуларо заманалъул. Имам Нававиясул руго гьадинал рагIаби. «Замана хвалчен буго, дуца гьеб кьотIичIони, гьелъ мун кьотIула».

Заманалъул, гIумруялъул кьимат гьабизе ахIулел пасихIал рагIаби руго нильер ракьцояв М. Шамхаловасулги.

Нуж кир гIедегIарал, гIумрудул кьоял,
Гьалагаб гIор гIадин, чвахулел ругел,
Нужерги хIалаки, хIасратал сардал,
СогIаб гьури гIадин роржунел ругел-?!...

ГIемерал соназ кIвекIана мунагьал чурад унтуца, къеркьана… хвел буго Аллагьасул фарз, гьелдаса щивго ворчIизе гьечIо. ГIабдула вукIана дир ракI бащадав гьудулги, гIагарав чиги. Нечон вукIунаан гьев райбольницаялъул тохтурзабаздаса, медсестрабаз гьабулеб ракIбацIцIадаб хъулухъалдаса. «Гьалеха, гьанжеги реанимациялда вугин», чанцIулги ахIулаан дихъе. РакI-ракIалъулаб баркала буго тIолабго гIагарлъиялъул хъизаналъул, вацазул рахьалдасан райбольницаялъул тохтурзабазе медперсоналалъе, техничкабазе, нужер сабруялъе, ракI батулел хинал, рагIабазе. Гьев кутакалда рази вукIана жиндие гьабулеб тIалаб-агъазалдаса. Гьес диде васигат гьабурал рагIаби дицаги загьир гьаруна нужее.

Ахиралдаги тIаде жубазе бокьун буго бищун захIматал соназ исламги, динги, мажгитги цIунун къеркьарав Хуштадаса имам Шарапудинил вагIза-насихIатиял рагIаби:

«Цо-цо чи хола гIицIго рукъалъул агьлуялъе, цогидал-тухумкьибилалъе, тIолго росдал жамагIаталъе». ГIабдула камуна киназего, тIолго районалъе, лъай кьеялъул идараялъе.

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул авар секциялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул гIелмияб централъул бетIерав гIелмияв хIалтIухъан, профессор Ибрагьимил МухIамадица гьваридаб пашманлъигун зигара балеб буго гIагарлъиялда ва тIолго росдал жамагIаталда. Гьев вукIана ГIабдулал гьудул. Гьесда заман батана ГIабдулахъе щвезе чIаго вукIадго.

Ахиралда хьвалел руго ГIабдулаца дихъе кьун рукIарал кочIол мухъал:

КьолъикI гIолохъанлъи, гIумрудал гьулак,
ГIумруги, сагълъиги сайгъат гьабураб…
КьолъикI цIурмил гьаракь, цIалул замана,
Дир гIагараб тарих, дарсалгун планал…

КьолъикI цIалдохъаби, цадахъ хIалтIарал,
Цоцаде гьегъ барал, гьаримал сагIтал.
ЦIалул ургъел гьечIел, умумул, салам!
Салам дие кьолел дир цIалдохъаби-!...

**ГIабдула Зубаиров**

ЦIияб тIехь

# «ЦIудул бусен»

Араб соналъ басмаялде бахъана Муса МухIамадовасул «ЦIудул бусен» абураб тIехь. Гьелда хурхун




араб гьатIан къоялъ Кизилюрт районалъул Чонтаул росулъ тIобитIана гьелъул цебелъей.



Чонтаул росулъ руго чанго батIи-батIияб миллаталъул гIадамал. Гьединлъидал тIехьалъул цебелъейги бачана гIурус мацIалда.

Гьенир Мусада тIехь къватIибе бачIи баркизе рачIун рукIана МахIачхъала, Гьизилюрт, Хасавюрт шагьараздаса ва районалдаса гьудул - гьалмагъзаби, РГВК телевидениялъул ва «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъаби.

Муса МухIамадов гьавуна 1954 соналъ ЦIумада районалъул ТIинди росулъ. Гьесул гьеб мажмугI къватIибе бачIана жиндирго гIумрудул 70 сон тIубаялъул юбилеялде сайгъатлъун.

Муса хIалтIана магIарухъ росабалъ гIурус ва авар мацIазул мугIалимлъун. ГIемер соназ нухмалъи гьабуна Кизилюрт районалъул Чонтаул росдал тIоцебесеб школаялъе. Чорхол сахлъиялда бан гьес хъулухъ хисана, гьанже гьенивго хIалтIулев вуго директорасул гIакълучилъун.

Муса вуго гьудул-гьалмагъзаби хирияв, ракI ргьарав, магIарул гIамал-хасият, яхI-намус цIунарав, узданав, недегъав, хIажаталъув ватулев иман бугев инсан.

Тадбиралда киназулго суал ккана, щай гьес кучIдул хъвазе байбихьараб абун.

-«Щай гурелъул дие цIакъ бокьула магIарул мацIги магIарулазул поэзияги. Дица кIудияб гIищкъугун цIалула магIарулазул литература, масала: ЧIанкIал, ХъахIаб росулъа МахIмудил, ЦIадаса ХIамзатил ва гьел гурел цогидазулги. Гьединго рокьула гьанже заманалъул шагIирзабазул асарал, хасго гьираялда цIалула Расул ХIамзатовасул, ГIабдула Дагъановасул, Сабигат МухIамадовалъул, МухIамад АхIмадовасул ва цогидазулги асарал. Бокьула Расул ХIамзатовасул «ТIадегIанал цIваби» кучIдузул сборник. Расул ХIамзатовас дир кучIдузе бакI тун гьечIо ракьалда, гьединлъидал дица тIаса бищана тIадегIанал цIвабзахъе боржунеб цIум, ва къуна дирго тIехьалъе «ЦIудул бусен» абураб цIарги. ГIемерисез кьола дие суал, щай хасго цIудул бусен тIаса бищарабан. Дир умумулги дунги руго борхатаб, берцинаб цIаралъул ЦIумада рижарал», - ан бицана Муса МухIамадовас.

Авторас батIияб цIар тIехьалъе кьезе букIарабани, рекъезе букIинчIо. «ЦIудул бусен» абураб чIухIараб цIар шагIирас жиндирго тIехьалъе къун буго цIакъ рекъон. ЦIум кколелъулха цIумадисезул символлъунги.

ЦIумада районалдаса рахъана цIар рагIарал гIалимзабиги, машгъурал гIадамалги.

-ТIабигIияб бечелъи барахщичIого щвараб, щибаб рахъ рекъон ккараб район буго ЦIумада,- абун хъвана цIумадисезул машгъурав хъвадарухъан МухIамад Шамхаловас.

**Рукъият ГIалисултанова**

# Баркула гьавураб къо

Баркула гьавураб къо,
ГIагарав Муса дуда.
ГIагарлъиялъул дуца,
Тун гьечIо щвечIеб бакIго.

Киса кивго гIунтIизе,
Кин духьа бажарараб?
Рокьи букIинчIебани,
Щвелароан кивего.

Салтанатий баркала,
Дуда куркьбал гъуралъухъ.
Рокьул цIа дуда бакун,
ТIадегIан гьавиялъухъ.

Кинабго жо бокьизе,
Малъун буго дуда гьелъ.
Жиндихъ ккараб дур рокьи,
Бикьизе тIамун вуго.

ВатIаналде, халкъалде,
ГIун бачIунеб гIелалде.
Нилъер гIадатаздеги,
ГIагараб росдадеги.

КъваригIарабщиналде
Авар мацI цIуниялде.
ГIаданлъи сундасаго
ЦебегIан гьабизеги.

ГIадатияв инсанлъун,
ХутIи гуребги дуца.

Мекъаб, тIекъаб жоялда,
ВахIшияб ргь бан буго.

ЧIухIи какараб калам,
КучIдузуль гIемер буго.
БахIарзал рещцун дуца,
Поэмаби хъван руго.

ЛъикIал гIадамал дуца,
ЦIвабильун гьарун руго.
ЦIакъал спортсменазул,
БахIарзал гьарун руго.

КочIохъаби киналго,
Цебе кьерда лъун руго.
Тохтурзабиги дуца,
ТIадегIан гьарун руго.

Гьудул- гьалмагъ киналго,
Гьоркьов чи виччан гьечIо.
КIвахI тун гьабураб хIалтIухъ,
Дуе баркала буго.

ГIадамазе хIалтIулел,
РитIухъал хIакимазе,
Кколеб къимат къун буго,
Дуца дурго кучIдузуль.

Салтанатиде рокьи,
Дур бидулъе боссараб.
ГIагарлъиялде рокьи,
РухIгIан дуе хирияй.

Гьаб къокъаб заманалда,
Дуца тараб нухалъе,
Къимат къезе бажари,
Щакаб жо буго Муса.

Хъабчилъ багъадур абун,
Вахчун мун хьвадиялъги.
Кинабго жо рагьизе,
Гьунар гIолеб гьечIо дир.

ТIад вуссунги баркула,
Мун гьавураб къо дица.
Баркигун цадахъ дие,
Гьаризе бокьун буго.

Цоцае нуж гьуинлъун,
Жеги бухIи цIикIкIараб.
Рокьул цIа чорхоль рекIун,
ГIумру цадахъ тIамизе.

Нужее лъимал рокьун,
Лъималазе нуж рокьун.
Жеги халатал саназ,
Рохун хинлъун рукIине.

Гьарула дуй бокьараб,
Гьарула дуй рекъараб.
Алжаналда къо лъолеб,
ГIамал гьарула дуе.

**МухIамад Коратов**

# Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

В соответствии с п. 3 статьи 39.42 Земельного кодекса Российской Федерации Министерство цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации настоящим сообщает, что в целях размещения антенно-мачтового сооружения связи по проекту «Устранение цифрового неравенства» (УЦН 2.0) возможно установление публичного сервитута в отношении земельных участков (их частей) с кадастровыми номерами:05:38:000027, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Верхние Хваршини.

Обоснованием необходимости установления публичного сервитута являются мероприятия по устранению цифрового неравенства между жителями городского и сельского населения и предоставления возможности оказания современных услуг связи жителям населенных пунктов с численностью населения от 100 до 500 человек, реализуемыми в рамках государственной программы Российской Федерации «Информационное общество», утвержденной постановлением Правительства Российской Федерации от 15 апреля 2014 г. № 313.

Заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и прилагаемым к нему описанием местоположения границ публичного сервитута в Министерстве цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации по адресу: 123112, Москва, Пресненская наб., д. 10, стр. 2, IQ-квартал; в Администрации Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368900, Респ. Дагестан, Цумадинский р-н, с. Агвали, ул. Кади Абакарова, д. 95/2; в Администрации МО "Сельсовет Нижнехваршининский" Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Респ. Дагестан, Цумадинский р-н, с. Верхние Хваршини, ул. Аси Денисенко, д. 8.

Подать заявления об учете прав на земельные участки (их части)и на кадастровые кварталы можно по адресу Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации (Москва, Пресненская наб., д. 10, стр. 2, IQ-квартал).

Срок подачи заявлений об учете прав на земельный участок, в отношении которого испрашивается публичный сервитут, составляет 15 (пятнадцать) дней со дня опубликования данного сообщения (в соответствии с п. 8 ст. 39.42 Земельного кодекса Российской Федерации).

Время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и подачи заявлений:

Понедельник -четверг: с 9:30 до 12:30 и с 14:00 до 17:00;

Пятница: с 9:30 до 12:30 и с 14:00 до 15:00.

Подробнее о порядке приема граждан можно узнать на сайте https://digital.gov.ru/ru/appeals/personal/.

Данная информация размещена на официальных сайтах Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации (https://digital.gov.ru/ru/), Администрации Цумадинского района Республики Дагестан (http://www.mo-tsumada.ru/).

Колонка прокурора

# Ответственность за диверсию на объектах транспортной инфраструктуры, а также за несанкционированное использование беспилотных летательных аппаратов

Статьей 281 Уголовного кодекса Российской Федерации предусмотрена уголовная ответственность за совершение диверсии.

Прежде всего, объектами диверсии становятся: объекты энергетики, оборонной промышленности, транспорта, военные объекты и др.

В частности, это могут быть заводы, фабрики, мосты, тоннели, водохранилища, склады продовольствия. При этом совершение диверсии предусматривает совершение взрыва, поджога и иных действий, направленных для разрушения того или иного объекта. К иным действиям относятся: устройство обвалов, катастроф, затоплений и т.п.

Целью совершения диверсии является подрыв экономической безопасности и обороноспособности РФ. Именно этим диверсия и отличается от распространённого в наше время другого, не менее серьёзного преступления, такого как терроризм, ответственность за совершение, которого предусмотрена ст. 205 Уголовного кодекса Российской Федерации (далее - УК РФ).

За совершение диверсии гражданином РФ по заданию иностранній разведки или иностранной организации квалифицируется по совокупности с государственной изменой по ст. 275 и 281 УК РФ.

Наказанием за совершение диверсии является лишение свободы на срок от десяти до двадцати лет. А за совершение того же преступления, но группой либо повлекшее причинение значительного имущественного ущерба, либо наступление иных тяжких последствий, наказываются лишением свободы на срок от двенадцати до двадцати лет.

За совершение тех же деяний, если они повлекли умышленное причинение смерти человеку, наказанием будет лишение свободы на срок от пятнадцати до двадцати лет или пожизненное лишение свободы.

Наибольшую угрозу для безопасности полетов представляют случаи несанкционированного запуска беспилотников в районах аэродромов (вертодромов, посадочных площадок).

В целях упорядочения таких полетов, ведения базы данных воздушных судов постановлением Правительства Российской Федерации от 25.05.2019 № 658 утверждены правила учета беспилотников с максимальной взлетной массой от 150 гр до 30 кг.

За управление воздушным судном, не поставленным на государственный учет, либо не имеющим учетного опознавательного знака, предусмотрена административная ответственность по ст. 11.5 КоАП РФ, а за нарушение правил использования воздушного пространства предусмотрена ответственность по ст. 11.4 КоАП РФ.

В случаях, когда запуск дрона осуществлен без разрешения (либо допущено иное нарушение правил использования воздушного пространства) и повлек по неосторожности тяжкий вред здоровью или смерть человека, предусмотрено наказание до пяти лет лишения свободы, а если пострадали два и более лица -до семи лет лишения свободы (статья 271.1 УК РФ).

**Д. Джабраилов,** прокурор района

## Конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 24.05.2024г. №1 на 27.06.2024 года повторно объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Хушет».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться с момента опубликования (обнародования) настоящего объявления в срок до 17.06.2024 года (включительно) в администрации сельского поселения «село Хушет», в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе;

2) собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;

3) паспорт или заменяющий его документ;

4) документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

- документ о профессиональном образовании;

- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5) сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6)согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

1)оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

2) описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

3) комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета;

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» от 06.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в администрации сельского поселения «село Хушет» или в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Председатель Собрания депутатов**
**СП «село Хушет» Б. Зулиев**

Медстрахование

## Диспансеризация - это важно

Диспансеризация - это комплекс мероприятий, реализующих право граждан на охрану и укрепление здоровья.

Регулярное прохождение диспансеризации необходимо вне зависимости от самочувствия. Все профилактические мероприятия проводятся для населения бесплатно.

Цели и задачи диспансеризации:

- раннее выявления хронических неинфекционных заболеваний и основных факторов риска их развития;

- определение группы состояния здоровья застрахованных граждан и группы диспансерного наблюдения лиц с выявленными заболеваниями, а также необходимых профилактических, лечебных, реабилитационных и оздоровительных мероприятий в соответствии с группой здоровья;

- проведение краткого или углублённого профилактического консультирования граждан с выявленными заболеваниями и (или) факторами риска их развития.

Позаботьтесь о своем здоровье - проходите диспансеризацию!

**А.Шапиев,** главный специалист-эксперт Ботлихского филиала ТФОМС РД

Газпром

## Абоненты могут реструктурировать долги за газ

Компания «Газпром межрегионгаз Махачкала» предоставляет возможность для абонентов-физлиц, имеющих долги по оплате газа, заключить соглашения о реструктуризации задолженности.

Каждый случай рассматривается индивидуально, обязательные условия - разовое погашение не менее 30% долга, обязательство выплачивать оставшуюся сумму равными частями по графику платежей, а также полная оплата текущих поставок.

«Соглашения о реструктуризации долгов являются инструментами снижения просроченной дебиторской задолженности. Такой механизм дает возможность абоненту продолжать пользоваться газом и одновременно гасить долг. Мы всегда готовы к конструктивному диалогу с потребителями», - отметил генеральный директор ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» Ризван Мурадов.

ММА

## Халилил иргадулаб бергьенлъи




Гьал кьояз Калугаялда тӀобитӀана 18-20 сонил ригьалъул гӀолилазда гьоркьоб ММА-яльул рахьалъ Россиялъул первенство. Гьенив гӀахьаллъана Россиялъул 42 регионалдаса 130 гӀанасев гугарухъан.

70,3 кг. цӀайиялда цеве вахъарав Астраханалда гӀумру гьабун вугев КӀванадаса Халил ПирмухӀамадовас ккуна гьениб тӀоцебесеб бакӀ. Гьеб буго Халилил Россиялъул первенствоялда щвараб лъабабилеб бергьенлъи.

2021 ва 2022 соназги ккуна Халилица Россиялъул первенствоялда жиндирго ригьалъул гӀолилазда гьоркьоб тӀоцебесеб бакӀ.

Халил ккола КӀванада росдал бетӀер Халил ПирмухӀамадовасул васасул вас.

**ТӀалхӀат ГӀабдулбасиров**

Футбол

## Юношеский турнир футбольной лиги района

Подошел к концу долгожданный турнир юношеской футбольной лиги района (ЦФЮЛ-2024). С 27 апреля по 18 мая восемь команд соревновались за звание лучшей. И вот наконец мы знаем победителей. Поздравляем команду «Агвали ДЮСШ» с победой в турнире юношеской футбольной лиги района (ЦФЮЛ-2024). Они показали хорошую игру и заслужили звание чемпионов. Серебряные медали достались команде «Тинди», которая также продемонстрировала высокий уровень мастерства и боролась за первое место до конца турнира. Бронза была присуждена команде «Эчеда». Несмотря на то, что они не смогли занять первых двух мест, их игра была впечатляющей, и они заслужили эту награду. Мы желаем всем участникам турнира успехов в будущих спортивных мероприятиях и продолжения достижений в футболе.



Индивидуальные награды получили: лучший вратарь-Насрудинов Магомед (Агвали), лучший защитник -Таибов Карим (Агвали),лучший нападающий- Абдусаламов Магомеднур (Эчеда), лучший игрок- Абдулатипов Магомед (Тинди)

Победители и призёры были награждены соответствующими медалями и кубками.

**Магомед Омаров**

**БетӀерав редактор МалачдибировГӀубайдула СагӀадулаевич 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватӀ, 4**

**«ЦӀумадисезул гьаракь» газета гӀуцӀарал: Дагъистан Республикаялъул «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватӀибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахӀачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**
**Тираж - 1480**
**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагӀалие) 63302 (лъагӀалие)**

**Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru**